



Pou Piblikasyon Imedya: 01/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN EKSPANSYON 31.6 MILYON DOLA TESSY PLASTICS NAN KONTE ONONDAGA

*Fabrikan Pati Plastik yo Ap Anboche 203 Nouvo Anplwaye A Tan Konplè -
Kwatriple Angajman Kreyasyon Travay yo*

*Investisman an ap Konpleman Inisyativ “Central New York Rising” lan – ki se
Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a achèvmman pwojè ekspansyon 31.6 milyon dola Tessy Plastics ki nan Van Buren, Konte Onondaga. Fabrikan pati plastik yo li te deja depase angajman kreyasyon travay ke li te pwomèt lan nan espas lan, plis ke kwatriple estimasyon orijinal kreyasyon li an jiska 50 nouvo pòs travay apati 2020. Konpayi an ki se pwopriyete epi ki posede pa yon fanmi li te deja anboche 203 anplwaye a tan konplè, li te sipòte pa 13.5 milyon dola nan rekonpans eta yo. Konpayi an te konsidere anvan sa pou deplase operasyon li yo nan South Carolina.

“Gras a investisman estratejik nou yo nan endistri ki pwometè yo, kominote yo atravè New York Rejyon Nò yo ap eksperimante kwasans ekonomik imans, epi ekspansyon sa se ankò yon lòt siyal klè ke ekonomi New York Santral lan ap pwogrese”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou ede biznis ki reyisi tankou Tessy kontinye devlope, pran ekspansyon epi kreye travay isit la nan New York, nou ap ranfòse ekonomi lokal nou yo epi etabli kominote nou yo pou jenerasyon reyisit fiti yo.”

Pwojè ekspansyon an, ki lokalize nan State Fair Boulevard, te gen ladan ajou yon etablisman manifakti ki mezire 260,000 pye kare nan izin aktyèl li an. Pwojè a te enkli tou konstwiksyon ak ajou silo antrepo rezin yo, sistèm jesyon materyèl, refwadisè, ekipman pwodiksyon menm jan ak modènizasyon nan enfrastrikti elektrik etablisman yo.

Prezidan Tessy Plastics a, Roland Beck, te deklare, “Nou reyèlman apresye rekonpans Eta a ke nou te resevwa yo, rekonpans sa yo se sètènman yon rezon ki fè Tessy Plastics te pran desizyon fè ekspansyon nan New York Santral. Mendèv ekstrayòdinè ki nan zòn sa nan chak nivo te rezon prensipal ki fè ke nou te chwazi rete isit la. An plis de mendèv la, kalite tout sèvis ke nou bezwen pou jere yon biznis ki reyisi yo abondan isit la epi li komòd pou travay avèk yo. Mwen ta renmen remèsye chak

moun ki te travay di pou ede Tessy Plastics kontinye devlope epi kontinye bay opòtinite pou popilasyon ekstrayòdinè New York Santral la”.

Prezidan ak PDG Empire State Development lan, Howard Zensky te deklare, “Sa fè sèlman yon ane depi ke New York te anonse yon patenarya ak konpayi djanm sa. Pliske li te deja depase de lwen pwòp objektif anbochaj li yo epi li te kreye 200 nouvo pòs travay sa se nouvel ki byenvini anpil pou ekonomi rejyonal la, epi li ap sèvi pou sipòte dinamis plan devlopman ekonomik CNYRising lan. Vizyon ak angajman fèm Gouvènè Cuomo anvè Rejyon Nò a reyèlman ap pote rezilta”.

Pou kapab ankouraje Tessy Plastics kontinye devlope operasyon li yo nan New York Santral, Empire State Development te anonse nan mwa Jiyè pase a ke li ta pral bay jiska 13.5 milyon dola pou pwojè ekspansyon an; 10 milyon dola atravè yon Sibvansyon Kapital ak yon lòt 3.49 milyon dola atravè Pwogram Travay Eksèlisyò a (Excelsior Jobs Program) an echanj pou angajman kreyasyon travay ke konpayi an te deja depase.

Manm Asanble William Magnarelli te di, “Mwen aplodi efò konkrè Gouvènè Cuomo yo pou etabli yon klima biznis ki te ede ankouraje Tessy Plastics Corporation rete nan New York Santral. Kwasans konpayi an se prèv pozitif ke New York Santral se yon gwo kote pou fè biznis epi li pral rete konsa pou jenerasyon ki gen pou vini yo”.

Egzekitif Konte Onondaga Joanie Mahoney te di, “Mèsi a Gouvènè Cuomo poutèt li te sipòte Tessy Plastics ak pou sipò jeneral li pou revitalizasyon Rejyon Nò a. Efò sa yo santre otou kolaborasyon ant sektè prive ak gouvènman an epi li pèmèt konpayi djanm yo devlope nan Konte Onondaga ki ap mennen nan kreyasyon bon jan travay”.

Fonde an 1973, Tessy Plastics manifaktire yon gwo seri pwodwi pou aparèy medikal sofistike yo, aparèy elektwonik yo, pwodwi ke yo itilize nan aplikasyon biznis yo, ak atik konsomatè jounalye yo, ki enkli pwodwi anbalaj yo. Atravè kapasite inovatif li an, enjenyè konpayi an yo, manifaktire, asanble epi distribiye pwodwi platik yo toupatou nan mond lan, yo bay sèvis kòm yon patnè fabrikasyon de kalite pou yon seri konpayi byen konsomatè yo ki nan Fortune 100. An plis de lokal Van Buren konpayi an ki te elaji an, Tessy Plastics ap mentni yon izin manifakti nan Elbridge epi li gen katye jeneral li nan Skaneateles ki nan New York Santral. Konpayi an gen etablisman Virginia ak an Chin tou.

Gen plis enfòmasyon sou Tessy Plastics ki disponib [isit la](#).

Akselere Central NY Rising

Anons jodi a vin konplete pwojè “Central NY Rising”, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta a deja investi prèske 3 milya dola nan rejyon an soti depi 2012 pou prepare tèren pou plan an – nan kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou devlope ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere pwojè “Central NY Rising” an ak yon envèstisman 500 milyon dola Eta a, atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Envestisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418